



Alèt sou Pwovizyon Medikaman Medetomidine



Medetomidine (MEH-deh-TOH-mih-deen)

Medetomidine se yon sedatif (medikaman kalman) yo melanje ak fentanyl sou mache a. Yo te jwenn li pou premye fwa nan zòn Philadelphia ann avril 2024. Depi sezon ete 2024, yo jwenn li tou nan Massachusetts. Nan mwa jen 2025, medetomidine te parèt nan echantiyon dwòg ki soti nan chak konte nan eta a. Zòn Santral ak Wès Massachusetts gen nivo ki pi wo nan medikaman sa a, selon analiz yo fè sou dwòg yo.

Sa Pou w Fè Atansyon Avè L

Pou kite l: Moun ki abitye pran medikaman ki gen medetomidine souvan ka vin depann de li. Si yo sispann sèvi ak medetomidine, yo ka santi yon mank. Sispann sèvi ak medetomidine ka grav e li ka kòmanse trè vit. Li ka lakoz kè w bat rapid, tansyon wo, maltèt, kriz oswa tranbleman, gwo enkyetid oswa fache, oubyen wè bagay ki pa la vre. Gen kèk moun ki ka bezwen ale lopital pou yo santi yo pi byen.

- Si w gen sentòm sa yo, chèche èd medikal touswit. Mande pou yo teste w pou medetomidine pou yo ka trete w pou sa.

Twòp Dòz ak Sedasyon: Medetomidine pa yon opyoyid, men yo souvan jwenn li melanje ak fentanyl, kidonk li toujou rekòmande pou bay naloxone (Narcan) si gen yon dòz ki twòp.

- Konsantre w sou respiration sekou e asire w lestomak moun nan ap monte-desann lè l ap respire. Tann omwen 3 minit anvan w bay yon lòt dòz naloxone. Toujou rele 911 si w kapab.
- Medetomidine se yon sedatif fò, sa ka rann li pi difisil pou ranvèsè dòz ki twòp la. Moun nan ka jis kòmanse respire yon ti kras epi se apèn li ka rete reveye. Se poutèt sa li enpòtan anpil pou w kontwòl l toutan.
- Bay naloxone, fè respiration sekou, epi chèche èd pou asire w moun nan rete an sekirite.

Efè

Medetomidine ka lakoz yon gwo dòmi pwofon, bouch sèch, respirasyon ralanti, batman kè ak tansyon ki ba, kontraksyon misk, e menm alisinasyon (wè oswa tande bagay ki pa egziste).

Yo konsidere Medetomidine kòm yon medikaman ki pi fò epi l dire pi lontan pase xylazine, ki se yon lòt sibstans ki bay dòmi e yo jwenn li melanje tou ak fentanyl.

Moun ki te itilize fentanyl ak medetomidine te di, yo te: “tonbe san konseans imedyatman; yo te prèske pa ka bouje, respirasyon yo te ralanti, bouch yo te sèch, yo te pran dòz ki twòp”. Gen lòt ki te fè eksperyans tankou: “gwo kòlè/oswa ajitasyon ekstrèm, tande bagay ki pa la vre”.

Resous Sekirite

Òganizasyon Rediksyon Risk: Gen band tès ki disponib pou detekte medetomidine. Si w gen dout sou sa ki nan medikaman w yo, kontakte pwogram rediksyon risk ki nan zòn ou an pou w jwenn enfòmasyon sou sèvis ki tcheke dwòg, oswa vizite sit info.streetcheck.org/madds

Liy Dirèk SafeSpot: SafeSpot se yon liy asistans telefonik anonim, yon gwoup pwofesyonèl ap jere. Ou ka rele nenpòt ki lè. Gen yon moun k ap rete sou liy lan pou siveye w pou si w ap itilize medikaman ki gen dwòg poukont ou. Rele (800) 972-0590 oswa vizite safe-spot.me

Pran Naloxone ou: Ou ka jwenn naloxone nan YouCan [youcan.info]. Pou lòt resous, vizite www.mass.gov/naloxone.

Li enpòtan pou w konnen si gen medetomidine nan medikaman w yo, pou w ka prepare tèt ou epi rete an sekirite. Tcheke tandans pwovizyon medikaman ki gen dwòg nan zòn ou an sou sit www.streetcheck.org.